Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 7 (6843) 13 февраль 2023 с. Итни Ражаб 1444 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## «Дагъистаналъул мугIрузул мухъ социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIей»

### Пачалихъалдасан кумек щвезе рес буго жидерго кумекалъулаб магIишат (ЛПХ) бугезе

**Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас арабталаткъоялъ тIобитIараб иргадулаб дандельиялда рорхана бакълъулазул ракьалда «Дагъистаналъул мугIрузул мухъ социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIей» абураб программа нухдаинабиялъул ва цогидал кIвар бугел суалал. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал ва бакIалъулал идарабазул вакилзабаз.**





ДРялъул Бакълъулазул районалда бугеб МФЦялъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас баян гьабуна цебе рехсараб программаялъулъ гIахьаллъизе бокьаразул гIарзаби къабул гьарула рукIин. «МугIрузулаб мухъалда социалиябгун экономикияб рахъ лъикIлъизабиялъул программа Дагъистаналда гIумруялде бахинабизе 2023-абилеб соналъ бихьизабун буго 90 млн гъурущ, гьелда гьоркьосан 75 млн биччазе буго мугIрузул мухъалда росдал магIишаталъул къайи гьабулезе кумекалъе.

Гьедин, кумек щвезе рес буго гьитIинал теплицаби ралезе, кваналел ва гьекъолел нигIматал гьаризе техника босаразе, нигIматал цIунизелъун централ ралезе, жиндирго кумекалъулаб магIишат (ЛПХ) бугез гьитIинаб росдал магIишаталъулаб техника босизе ва гь. ц.

ГIарзаби къабул гьаризе руго 2023-абилеб соналъул 6-абилеб марталде щвезегIан. Программаялда тIасан мухIканал баянал руго ДРялъул экономикаялъул ва бакIалъулаб цебетIеялъул Министерстовялъул сайталда», – ян абуна ГIумар МухIамадовас.

Гьединго дандеруссиналда рорхана полиомиелиталде данде гIаммаб иммунитет чIезабиялъул суалалги. Муниципалитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас вакцинация гьабизе инкар гьабурал умумузде гьеб рекIкIаб унтуда дандечIеялъулъ жигарго гIахьаллъеян хитIаб гьабуна.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ТIИБ

## Марям Жанахъаева: «Полиомиелиталдаса лъимал цIуни – кIвар цIикIкIараб иш»

### Бакълъулазул ЦРБялда – полиомиелит унтуда дандечIеялъул семинар-совещание

**Районалъул больницаялда араб анкьалъ полиомиелит унтуда данде гIаммаб иммунитет чIезабиялъул, вакцинация тIалабазда рекъон тIобитIиялъул семинар-совещание гIуцIана. Гьенир гIахьаллъана бакълъулазул больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаров, районалъул педиатр Марям Жанахъаева ва сахлъи цIуниялъул идараялъул цогидал хIалтIухъаби.**



Дандеруссиналда гIахьаллъаразе Марям Жанахъаеваль баян гьабуна кинал къагIидаби цIунизе кколел вакцинация гьабулаго, халгьабуна Дагъистан Республикаялъул бетIерав санитарияв тохтурасул Постановлениялъул аслиял пунктал тIураялъул. Гьединго Жанахъаеваль киназулго пикру боссинабуна иммунобиологическияб препарат битIун цIунизе кколебльиялде.

«Полиомиелиталдаса лъимал цIуни – кIвар цIикIкIараб иш, араб гIасруялъги жакъа къоялдаги гьеб унтуда дандечIеялъулъ бищун лъикIал хIасилал рихьизаруна вакцинация гьабиялъ. Полиомиелиталда данде гIаммаб иммунитет чIезабиялъуль гIахьаллъизе инкар гьабулел раккидал, гьеб унти бахиналъул лъугьа-бахьинал цIикIкIунел руго.

Жакъа нилъ букIине кколеб хIалалда полиомиелиталде данде къеркьечIони, метер къоялъ сакъатлъарал, гIумруялдаса ратIалъарал лъималазул къадар цIикIкIуна», – ян абуна Марям Жанахъаеваль.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Наркоманиялда дандечIей
- 2 гьум.



Рамазан Маликов – Дагъистаналда бугеб УФКялъул № 17 отделалъул нухмалъулев
- 2 гьум.



КучIдул пасихIго цIалиялъул къец тIобитIана
- 2- гьум.



Лъанлъариса МухIамад ГIабдулаев мустахIикълъана Жуковасул медалалъе
- 2- гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ГIали-хIажи

№ 7 13 февраль 2023 с.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Наркоманиялда дандечIей

### Администрациялъул вакилзаби цIалдохъабигун дандчIвана



**Бакълъулазул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул идараялъул нухмалъев МухIамад МухIамадгIалиевас ва махщалилаз хIалтIулаб сапар бухьана Бакьулъ Гьарадирихъ росулъе ва дандчIвана цIалдохъабигун. Дандельиялда гьединго гIахьаллъана муниципалитеталъул администрациялъул балугъалъиялде рахинчIезулгун хIалтIи гьабиялъул жавабияв секретарь ГIабдурахIман Дайтмирзаев ва цогидал.**

Лъималазе гьез бицана тамахьо бухIиялъ, наркотикал ва цогидал заралиял жал



хIалтIизариялъ инсан хвезе, сакъаталлъун хутIизе рес букIиналъул. Социалиял гьиназда цIодорго рукIине кколеблъиялъулги бицана.

МелъелтIа росдал Чалаби МухIамадовасул цIаралда бугеб гьоркьохъеб школалда тIобитIана «Мехталидаса рикIкIалъи» абураб дарс. Мехтизарулел гьекъолел жалаздаса гьитIинго рикIкIалъизе кколеблъиялъул баянал гьаруна Бакълъул районалъул имамзабазул гIуцIиялъул нухмалъулев ГIабдурашид ХIажиевас, спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул идараялъул вакилзабаз, муниципалитеталъул балугъалъиялде рахинчIезулгун хIалтIи гьабиялъул жавабияв секретарь ГIабдурахIман Дайтмирзаевас, Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул ПДНялъул инспектор ГIалиасхIаб ХIадисовас, школалъул хIалтIухъабаз ва цогидаз.

«Бигъараб Россия» ФПялъул махщалилаз хIадур гьабураб мультимедийнияб фильмги бихьизабуна цIалдохъабазда. Районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул хIалтIухъаби МухIамадрасул Черкесов ва МухIамад ХIамидов гьединго щвана Дагъистаналъул гIолилазул ишазул министерстволде ва Минтуризмалде.

Республикаялъулал идарабазул вакилзабазулгун гьез бицана районалда туризм цебетIезабиялъул, гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва гь. ц. Бакълъул районалъул администрациялъул вакилзабазе цере рехсарал республикаялъулал идарабазул хIалбихьи бугел хIалтIухъабаз хIалтIул хIасилал лъикIлъизе кверрбакъулел мальа-хъваялги гьаруна.

**Макка МухIамадова**

РАСУЛ ХIАМЗАТОВАС – 100 СОН

## КучIдул пасихIго цIалиялъул къец тIобитIана

**Расул ХIамзатов гьавуралдаса нусго сон иналъул хIурматалда Бакълъулазул районалда тIобитIана Дагъистаналъул авторазул асарал пасихIго цIалиялъул къецалъул муниципалияб бутIа. Гьенир гIахьаллъи гьабуна школалъулаб бутIаялда бергьенлъи босарал 11-абилел классазул цIалдохъабаз.**

Тадбир тIобитIана Бакълъул районалъул дандеруссиназул кIалгIадухъ. Бакълъулазул мухъалъул бетIерасул рахъалдасан къецалда гIахьаллъараздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна муниципалитеталъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас. Тадбир бачана районалъул лъайкьеялъул идараялъул хIалтIухъан ГIабдула МухIамадовас.

КучIдул цIаларазе кьимат кьолеб кьокьадулъ рукIана «Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул гIахьалчи ХIамзат ГIизудинов, районалъул рахьдал мацIалъул мугIалимзабазул Ассоциациялъул нухмалъулев АхIмад СагIадулаев, Игъали росдал школалъул директорасул заместитель, РФялъул СПялъул гIахьалчи ГIиса Шарапудинов, МелъелтIа росдал аслияб школалъул директор Зульфия ХIажимурадова.

Къецалъул хIасилалда тIоцебесеб бакI щвана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ПатIимат АхIмаднабиевалъе ва ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Залиха Зулумхановалъе.

КIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана Ингишо гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Хадижат Халидова, лъабабилеб бакI босана Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул 11-абилеб классалъул цIалдохъан Узлипат Жамалудиновалъ ва Гъоркь Инхо росдал гьоркьохъеб школалъул вакил Асият МухIамадовалъ.




Бергьарал ва призовиял бакIал щваразе районалъул грамотаби ва ХIамзат ГIизудиновас магIарул ва гIурус мацIалда хъварал тIахьал кьуна. Расул ХIамзатов гьавуралдаса нусго сон иналъул хIурматалда гьединго стендал хIадур гьариялъул къецги тIобитIана. Гьедин, тIоцебесеб бакI щвана килдерие, кIиабилеб – ингишдерие, лъабабилеб – мелъелдерие.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Рамазан Маликов – Дагъистаналда бугеб УФКялъул № 17 отделалъул нухмалъулев

**Дагъистаналъул Федералияб казначействоялъул Управлениялъул № 17 отделалъул нухмалъевлъун тана Маликов Рамазан АхIмадович. Гьев теялъул Буюрухъалда гъулбас гьабуна Дагъистаналъул УФКялъул нухмалъулев ГIабдулпатахI ГIамирхановас.**

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас Рамазан Маликовасда баркана жавабчилъи цIикIкIараб хъулухъалда тей, гьарана сундулъго цебетIей ва республикагун тIолго улка цебетIезабизе щулияб сахлъи.

Рамазан Маликов ккола Бакълъул районалъул МелъелтIа росулъа. Гьавуна 1983-абилеб соналъ. 2004-абилеб соналъ лъугIизабуна ДГУялъул экономикаялъул факультет, 2019-абилеб соналъ – МАДИялъул транспортниял технологиязул бакалавриат.

2016-2017-абилел соназ хIалтIана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулесул заместителасул кумекчилъун, 2017-2020-абилел соназ «Махачкалинское троллейбусное управление» МУПалъул директорлъун вукIана. 2020-2022-абилел соназда – «ЦIияблак район» МОялъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев.



**«Гумбет» РИО**

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

## Сиядат Мухтаровалъе Баркалаялъул кагъат кьуна

**ГIемер соназулаб ракIбацIцIадаб захIматалъухъ, муниципалитеталъул казначействоялъул хIалтIул хIасилал лъикIлъизаризе лъураб къиматаб бутIаялъухъ, жавабчилъиялда тIадал ишал тIубараллъухъ, Бакълъул районалъул администрациялъ Баркалаялъул кагъат кьуна ДРялъул Федералияб казначействоялъул Управлениялъул № 17 отделалъул хIалтIухъан Сиядат Мухтаровалъе.**

Бакълъулазул районалъул нухмалъулесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас Мухтаровалда баркана шапакъат щвей ва гьарана нахъеккунги хIалтIулъ ва гIумрудулъ цебетIей.

**Зугъра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАХIАРЗАЛ

## Лъанлъариса МухIамад ГIабдулаев мустахIикълъана Жуковасул медалалъе

### Бергьенлъаби цIикIкIаги

**Рагъулал сурсатал раччиялъул взводалъул командирасул заместитель, сержант, Бакълъул районалъул Лъанлъари росулъа ГIабдулаев базе битIун хIажаталъув чанго нухалъ ватана МухIамад.**

Попасная шагьаралда тушбабаз речIараб гIарадаялдаса



**МухIамад Ибрагьимовичас тушманасул гIарададул цIеда гъоркь раччула ВатIан цIунулехъе рагъулал сурсатал. Гьес лъола бергьенлъи гIагарлъизабиялъулъ кьиматаб бутIа. Рагъулал гьудулза**хадуб лъабцIулго бегана гьесул машина ва ГIабдулаев захIматго лъукъула.

(Ахир - лъабабилеб гьум.)

БАРКИ

## Нилъ – бараб ахІулъги ахІараб болъги

### Афгъаналъулазда баркула

**1989 соналъул 15 февралалъ лъугІана Афганистаналда рагъ. 10 соналъ халат бахъана гьеб. Нилъер районалдаса гІолохъабазги гІахьаллъи гьабуна Афганистаналда рагъулал тунка-гІусиязда. БахІарчилъи бихьизабуна гьез интернационалияб налъи тІубазабулаго.**

15 февраль лъугьана гьеб рагъда камурал васал ракІалде щвезариялъул къолъун гуребги, Афганистаналда бахІарчиго рагъулаб ва гражданлъиялъулаб налъи тІубазабурал гІолохъабазе рецц гьабулеб къолъунги.

РакІ-ракІалъ баркула Афгъанистаналдаса аскарал нахъе рачаралдаса 34 сон тІубай. Гьарула гьениб рагъулал тунка-гІусиязда гІахьаллъаразе щулияб сахлъи, халатаб, баракатаб гІумру, хъизаналда талихІ. Хъван батугеги гІолеб гІелалда нужеда бихьараб бихьизе, нужеца хІехьараб рагъул кьогІлъи лъазе.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер Гъалип Гъалипов**

## Лъанлъариса МухІамад ГІабдулаев мустахІикълъана Жуковасул медалалъе

**(Байбихьи - кІиабилеб гьум.)** унзахъ росулъа рагъулав гьудул ХІусен КаримхІажиевас тІоцебе гьабизе кколеб медицинаялъул кумек гьабуна гьесие, росдал бакІалъулаб больницаялъул тохтурас ругъун букъула.

Больницаялда вегизе инкар гьабун, гІарада щвараб жиндирго техника нахъе бачине тІалаб гьабула. ЛНР неофашистаздаса эркен гьабиялъул спецоперациялда тІоцере гІахьаллъаразул цояв ккола МухІамад ГІабдулаев.

СВОялъул гІахьалчагІахъе жиндир заманаялда рагъулал сурсатал гуманитарияб кумек, хинаб ретІел ва цогидаб кумек щвезабиялъул бугеб кІвар лъаялъ гьес хІаракат бахъула жинда тІадаб иш ракІбацІцІадго тІубазе.

Хасаб рагъулаб операциялда бихьизабураб гьунаралъухъ, бахІарчилъиялъухъ МухІамад ГІабдулаев мустахІикълъана Жуковасул цІаралда бугеб медалалъе. Гьеб кьеялъул Амруялда гъулбас гьабуна Россиялъул Президент Владимир Путиница.

ГІабдулаевас гьединго гІахьаллъи гьабуна Нагорнияб Карабахалда рагъ-кьал маслигІаталде бачиналъулъги. Мисалияб рагъулаб хъулухъалъухъ генерал Рустам Мурадовас шапакъатги кьуна МухІамадие.

Спецоперациялда гІахьал-лъарал цогидал бакълъулаз рагъулаб хъулухъ борхиялъул хъварал макъалаби лъун руго районалъул официалияб сайталда «Z БахІарзал» разделалда.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАХІАРЗАЛ

## МелъелтІаса ХІажимурад Исубилаевасе къуна пачалихъияб шапакъат

**Украиналда тІобитІараб спецоперациялда бихьизабураб гьунаралъухъ «БахІарчилъиялъухъ» абураб медаль къуна Росгвардиялъул кІудияв лейтенант, МелъелтІа росулъа ХІажимурад Исубилаевасе. Шапакъат кьеялъул Амруялда гъулбас гьабуна Россиялъул Президент Путиница.**



ХІажимурад Исубилаевас рагъулаб хъулухъ борхулеб букІана Запорожье областалъул Брянск районалда. Росгвардиялда хІалтІулев вуго 2018-абилеб соналдаса.

Шапакъат гьесие къуна Дагъистан Республикаялъул нухмалъулев Сергей Меликовас. Бакълъул районалъул бетІер Гъалип Гъалиповас баркана Исубилаевасда пачалихъияб шапакъат щвей, гьарана гьесие щулияб сахлъигун халатаб гІумру.

**«Гумбет» РИО**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## Льготы по земельному налогу для физических лиц

**Налоговая база уменьшается на величину кадастровой стоимости 600 кв. м площади земельного участка, находящегося в собственности, постоянном (бессрочном) пользовании или пожизненном наследуемом владении у следующих категорий налогоплательщиков (п. 5 ст. 391 НК РФ):**

• Героев Советского Союза. Героев Российской Федерации, полных кавалеров ордена Славы;

• инвалидов I и II группы;

• инвалидов с детства, детей-инвалидов;

• ветеранов и инвалидов Великой Отечественной войны, а также ветеранов и инвалидов боевых действий;

• физических лиц, имеющих право на получение социальной поддержки в связи с катастрофой на Чернобыльской АЭС, аварией на ПО «Маяк», ядерными испытаниями на Семипалатинском (ст 1 Закона от 15.05.1991 N 1244-1: ст. 1 Закона от 26.11.1998 N 175-ФЗ, ст. 1 Закона от 10.01.2002 N 2-ФЗ);

• физических лиц принимавших в составе подразделений особого риска непосредственное участие испытаниях ядерного и термоядерного оружия, ликвидации аварий ядерных установок на средствах вооружения и военных объектах;

• физических лиц, получивших или перенесших лучевую болезнь или ставших инвалидами в результате испытаний, учений и иных работ, связанных с любыми видами ядерных установок, включая ядерное оружие и космическую технику;

• пенсионеров, получающих назначенные в установленном порядке пенсии, а также лиц, достигших 60 и 55 лет (соответственно мужчины и женщины), которым выплачивается ежемесячное пожизненное содержание;

• физических лиц соответствующих условиям, необходимым для назначения пенсии по законодательству РФ на 31.12 2018. В общем случае это мужчины и женщины, достигшие возраста 60 и 55 лет соответственно, если они не относятся к категории лиц, претендующих на досрочное назначение страховой пенсии по старости, или не являются государственными служащими (Письмо Минтруда России от 18 12 2018 N 21-2/10/П-9349);

• физических лиц, имеющих трех и более несовершеннолетних детей

Если земельный участок находится в общей собственности, то каждый из сособственников имеет право на налоговый вычет в равных долях (при совместной собственности) или пропорционально долго долевой собственности) (Письмо Минфина России от 19.01.2018 N 03-05-04-02/2668).

Федеральные льготы, установленные отдельным категориям физических лиц

### Не уплачивают налог на имущество следующие лица (пл. 1 - 13 п. 1 ст. 407 НК РФ):

• Герои Советского Союза и Герои Российской Федерации, а также лица, награжденные орденом Славы трех степеней;

• инвалиды 1 и II групп, инвалиды с детстве, дети-инвалиды, в том числе признанные таковыми в соответствии с законодательством иностранных государств (Письмо Минфина России от 30.01.2020 N 03-05-04-01/5656);

• участники гражданской и Великой Отечественной войн, других боевых операций по защите СССР из числа военнослужащих, проходивших службу в воинских частях, штабах и учреждениях входивших состав действующей армии, и бывших партизан, а также ветераны боевых действий;

• лица вольнонаемного состава Советской Армии. Военно-Морского флота, органов внутренних дел и государственной безопасности, занимавшие штатные должности в воинских частях штабах и учреждениях входивших в состав действующей армии в период Великой Отечественной войны, либо лица, находившиеся в этот период в городах, частие в обороне которых засчитывается этим лицам в выслугу лет для назначения пенсии на льготных условиях, установленных для военнослужащих частей действующей армии;

• лица, имеющие право на получение социальной поддержки, подвергшиеся радиации вследствие катастрофы на Чернобыльской АЭС, вследствие аварии в 1957 г. на производственном объединении «Маяк» и сбросов радиоактивных отходов в реку Теча, вследствие ядерных испытаний на Семипалатинском полигоне (ст. 4 Закона от 15.05.1991 N 1244-1: ст. 1 Закона от 10.01.2002 N 2-ФЗ)

• военнослужащие, а также граждане, уволенные с военной службы по достижении предельного возраста пребывания на военной службе, состоянию здоровья или в связи с организационно-штатными мероприятиями, имеющие общую продолжительность военной службы 20 лет и более;

• лица, принимавшие непосредственное участие в составе подразделений особого риска в испытаниях ядерного и термоядерного оружия, ликвидации авария ядерных установок на средствах вооружения и военных объектах;

• члены семей военнослужащих, потерявших кормильца;

• пенсионеры получающие пенсии на основании законодательства РФ или другого государства, а также достигшие возраста 60 и 55 лет (соответственно мужчины и женщины), которым в соответствии законодательством РФ выплачивается ежемесячное пожизненное содержание (Письмо ФНС России от 09.01.2017 N ВС-4-21/48@);

• физические лица, соответствующие условиям, необходимым для назначения пенсии в соответствии с законодательством РФ, действовавшим на 31.12.2018 В общем случае это мужчины и женщины. достигшие возраста 60 и 55 лет соответственно, если они не относятся к категории лиц, претендующих на досрочное назначение страховой пенсии по старости, или не являются государственными служащими Письмо Минтруда России от 18.12.2018 N 21-2/10/П-349);

• граждане, уволенные с военной службы или призывавшиеся на военные сборы, выполнявшие интернациональный долг в Афганистане и других странах, в которых велись боевые действия;

• родители и супруги военнослужащих и государственных служащих, погибших при исполнении служебных обязанностей;

Наряду с льготами НК РФ предусмотрено право на налоговый вычет по налогу на имущество физических лиц. Так, физически лица, имеющие трех и более несовершеннолетних детей, вправе уменьшить налоговую базу по налогу на имущество на величину кадастровой стоимости 5 кв м общей площади квартиры (площади части квартиры, комнаты) и 7 ка и общей площади жилого дома (части жилого дома) в расчете на каждого несовершеннолетнего ребенка. Данный вычет предоставляется в отношении одного объекта налогообложения да 6 1 ст. 403 НК РФ).

### Льготы по транспортному налогу для физических лиц.

Кому положена:

1 Герои Советского Союза;

2 Герои Социалистического Труда. 3 Инвалиды

4 Кавалеры ордена Славы;

5 Кавалеры ордена Трудовой Славы. 6 Многодетные;

7 Пенсионеры;

8 Пострадавшие от радиации;

### От уплаты налога освобождаются:

1) Герои Советского Союза, Герои Российской Федерации, Герои Социалистического Труда, граждане, награжденные орденами Славы или Трудовой Славы трех степеней, участники Великой Отечественной войны за одну единицу транспорта;

2) категории граждан, подвергшихся воздействию радиации вследствие катастрофы Чернобыльской АЭС за одну единицу транспорта;

3) инвалиды всех категорий, имеющие мотоколяски и легковые автомобили с Мощностью двигателя до 150 лошадиных сил (до 110,33 кВт) включительно, за одну единицу транспорта;

4) один из родителей (усыновителей) четырех и более несовершеннолетних детей за одну единицу зарегистрированного за ним легкового автомобиля, по выбору налогоплательщика;

5) пенсионеры, а также мужчины, достигшие возраста 60 лет, и женщины, достигшие возраста 55 лет уплачивают налог за зарегистрированные за ними легковые автомобили и мотоциклы с мощностью двигателя до 150 лошадиных сил (до 110,33 кВт) включительно, мотороллеры за одну единицу транспорта в размере 50 процентов от соответствующей ставки, установленной статьей 2 настоящего Закона.

**Межрайонная ИФНС России № 12 по РД**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»

24. 11. 2022 г. РЕШЕНИЕ №29 с.Мехельта

**«О внесении изменений и дополнений в Устав МР «Гумбетовский район»»**

**С целью приведения Устава муниципального района «Гумбетовский район» в соответствии с Федеральным законом от 19.11.2021 № 376-ФЗ, вносящим изменения в Федеральный закон от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Собрание депутатов МР «Гумбетовский район»**

РЕШАЕТ:

I. Внести в Устав муниципального района «Гумбетовский район» следующие изменения и дополнения:

1) Статья 29:

Часть 5 изложить в следующей редакции:

«5. Глава муниципального района не может быть депутатом Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации, сенатором Российской Федерации, депутатом законодательных (представительных) органов государственной власти Республики Дагестан, занимать иные государственные должности Российской Федерации, государственные должности Республики Дагестан, а также должности государственной гражданской службы и должности муниципальной службы, если иное не предусмотрено федеральными законами.

Глава муниципального района не может одновременно исполнять полномочия депутата представительного органа муниципального образования, за исключением случаев, установленных настоящим Федеральным законом, иными федеральными законами.».

II. Главе муниципального района «Гумбетовский район» в порядке, установленном Федеральным законом от 21.07.2005г. №97-ФЗ «О государственной регистрации уставов муниципальных образований», представить настоящее Решение «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район» на государственную регистрацию в Управление Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан.

III. Главе муниципального района «Гумбетовский район» опубликовать Решение «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район» в течение семи дней со дня поступления с Управления Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан уведомления о включении сведений о муниципальном правовом акте о внесении изменений в устав муниципального района в государственный реестр уставов муниципальных образований субъекта Российской Федерации, предусмотренного частью 6 статьи 4 Федерального закона от 21 июля 2005 года N 97-ФЗ «О государственной регистрации уставов муниципальных образований»».

IV. Настоящее Решение вступает в силу со дня его официального опубликования, произведенного после его государственной регистрации.

**Председатель Собрания депутатов М.А. Ахмедов**

**Глава МР «Гумбетовский район» Г.И. Галипов**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет ««Цунди-Шабдухский»» Гумбетовского района

**Решение: № 7**

**от 29 декабря 2022 г. с.Цунди-Шабдух**

**«О бюджете АСП «Сельсовет «Цунди-Шабдухский»» Гумбетовского района Республики Дагестан на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов».**

| | 2023 год | 2024 год | 2025 год |
|---|---|---|---|
| Доход | 2220 | 1829 | 1834 |
| а ) Собственные доходы | 97 | 97 | 97 |
| 1.Налог на доходы физ.лиц | 35 | 35 | 35 |
| 2.Налог на имущество | 11 | 11 | 11 |
| 3.Зем. налог | 29 | 29 | 29 |
| 4. ЕСНХ | 22 | 22 | 22 |
| б) дотация | 1990 | 1592 | 1592 |
| в) субвенция | 133 | 140 | 145 |
| Расход по учреждениям | 2220 | 1829 | 1834 |
| 1.Аппарат управления | 1036 | 840 | 840 |
| 2.Культура | 1051 | 849 | 849 |
| 3.ВУС | 133 | 140 | 145 |

**Председатель сельского Собрания М.М.Магомедсайгитов**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ-ЗДОРОВЫЙ ДУХ

## О проведении дополнительной туровой иммунизации против полиомиелита на территории РД

**Национальный календарь прививок – это государственная гарантия защиты населения страны от опасных инфекций. Профилактическая иммунизация по национальному календарю, разработанному ведущими учеными на протяжении многих 10 лет показала свою эффективность в сохранении и сбережении каждой жизни. Сейчас благодаря многолетней вакцинации мы забыли, как выглядит клиника многих тяжелых инфекционных заболеваний, таких как дифтерия. Ведь раньше эта инфекция приводила к смерти детей в большинстве случаев.**

Пугает то, что на умы многих родителей иногда имеют влияние сомнительные источники в интернете и слухи. Рост отказов от профилактических прививок привело уже к тому, что в Дагестане растет заболеваемость коклюшем, корью, эпидемическим паротитом, полиомиелитом и другими болезнями, о которых мы могли бы уже забыть. Не только растет заболеваемость, но и серьезные осложнения, к которым приводят эти инфекции и порой со смертельными исходами.




На территории Республики Дагестан за последние пару месяцев зарегистрировано 15 случаев с подозрением на корь, в том числе групповой очаг в детском коллективе. Эпидемиологическая ситуация по полиомиелиту в Республике Дагестан остается напряженным. Так, за 2022 г зарегистрировано 44 случая с подозрением на острый паралич. Из них 17 случаев выделены острые вялые параличи вакцинородственных поливирусов типа 1.

Данные случаи могут возникать тогда, когда близко контактируют дети, привитые оральной поливакциной и дети, не имеющие ни одной вакцинации либо незавершенным курсом вакцинации против полиомиелита в связи с отказами родителей, либо же необоснованными медицинскими отводами от профилактических прививок.

В целях поддержания необходимого уровня популяционного иммунитета к полиовирусу, предотвращения распространения и циркуляции вакцинородственных поливирусов на территории Республики Дагестан во исполнение Постановления главного санитарного врача по РД от 23.01.2023 г №1 «О проведении дополнительной туровой иммунизации против полиомиелита на территории РД» будет проходить иммунизация детей с 3-х месяцев до 9 лет 11 месяцев 29 дней включительно против полиомиелита в 2 тура. 1 тур с 27.02.2023 по 05.03.2023г и 2 тур с 03.04.2023г по 09.04.2023г.

Крепкий ребенок и хороший неспецифический иммунитет не является защитой от




микроорганизмов, вызывающих тяжелые инфекционные заболевания с серьезными последствиями и со смертельными исходами.

**Марям Джанакаева, педиатр ЦРБ Гумбета**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254 Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова Верстка: Рапият Зулумханова Газета кьабуна «Лотос» типографиялда Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьорк Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351 Тираж - 1003 Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00 Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.